



FÈY ENFÒMASYON

BEAR CUT BRIDGE SOU RICKENBACKER CAUSEWAY

ETID DEVLOPMAN PWOJÈ AK ANVIWÒNMAN (PD&E)

Konte Miami-Dade – Depatman Transpò ak Travo Piblik (DTPW)

Nimewo Pwojè SPD Konte Miami-Dade: E22-DTPW-03 | Nimewo Pwojè DTPW: 20230017

APÈSI

Bear Cut Bridge, yon pati nan County Road 913/Rickenbacker Causeway, se yon koneksyon enpòtan ant Minisipalite Key Biscayne e Virginia Key nan Vil Miami. Kòm sèl pwen aksè prensipal sou gran tè pou Minisipalite Key Biscayne ak yon wout evakyasyon dijans privejye, pon an jwe yon wòl enpòtan nan transpò rejyonal. Pwojè sa a, ki kouvri 1.1 mil soti Arthur Lamb Jr. Road rive Crandon Marina Access Road, li gen objektif pou li evalye posiblite reyabilitasyon ak/oswa opsyon ranplasman pou pon an.

Se yon pwojè Konte Miami-Dade – Depatman Transpò ak Travo Piblik (DTPW). Piske finansman federal ka itilize nan pwochen faz pwojè a, Depatman Transpò Florid (FDOT) va bay asistans teknik pandan Etid PD&E a. Administrasyon Federal Otowout (FHWA) se prensipal ajans federal la epi Biwo Jesyon Anviwònman FDOT va apwouve dokiman Lwa Politik Anviwònman Nasyonal (NEPA) nan non FHWA.

AMELYORASYON PWOJÈ

Objektif prensipal etid sa a se evalye gran reyabilitasyon ak/oswa ranplasman pon Rickenbacker Causeway Bear Cut ki egziste deja (Pon Nim. 874544). Nou va evalye altènativ san konstriksyon (reparasyon), konstriksyon ak reyabilitasyon pandan etid Devlopman Pwojè ak Anviwònman (PD&E). Anplis de sa, altène aliyman paralèl ak pon ki deja egziste a, epitou altène aliyman vètikal ak tip estrikti yo. Nan amelyorasyon yo, nou va konsidere akotman ki pi laj, ak enstalasyon amelyore pou bisiklèt ak pyeton. Pwojè a va gen ladan tou fonksyonman sikilasyon ak amelyorasyon sekirite nan koridò etid la.

KISA YON ETID PD&E YE

Yon Etid PD&E se yon etap nan pwosesis devlopman transpò FDOT Konte Miami-Dade va itilize. Etid la va gide Konte a nan detèmine anplasman, konsepsyon konseptyèl, ak efè sosyal, ekonomik ak anviwònman nan pwopozisyon amelyorasyon wout yo. Pandan pwosesis etid PD&E a, nou devlope altènativ posib pou pwojè amelyorasyon pon/wout yo. Nou evalye altènativ "Konstriksyon" sa yo an fonksyon kondisyon anviwònman, jeni, sosyoekonomik, bezwen sekirite ak opinyon piblik la. Nou va evalye bezwen pou plis dwa pasaj pou dlo lapli ak alejman anviwònman pandan faz etid PD&E a. Nou evalye altènativ "san konstriksyon" pandan tout pwosesis etid la epi li va sèvi kòm konparezon avèk altènativ "Konstriksyon" yo. Altènativ "san Konstriksyon" sa a kite pon ki deja egziste a jan li ye a avèk reparasyon ak antretyen selon nesesis. Si rezilta etid la chwazi yon altènativ "Konstriksyon", pwojè a ka ale nan pwochen faz la, ki se Faz Konsepsyon an. Pandan Faz PD&E a, nou va fini jeni preliminè ak dokiman ki nesesis pou finansman yo. Sa gen ladan revizyon ak analiz enpak potansyèl pwojè yo pwopoze a sou resous sosyal, natirèl, fizik ak kiltirèl nan anviwònman ki antoure li a.

PATISIPE

Patisipasyon piblik se yon pati trè enpòtan nan yon Etid PD&E pou enfòm sitwayen yo sou pwojè a epi bay moun ki enterese yo yon opòtinite pou yo patisipe nan devlopman pwojè a. FDOT ap egzekite osea te egzekite revizyon anviwònman, konsiltasyon ak lòt aksyon ke lwa federal sou anviwònman egzije, yo aplikab pou pwojè sa a, dapre 23 USC § 327 ak yon Memorandòm Konpreyansyon nan dat 26 me 2022, epi FHWA ak FDOT egzekite. DPTW ak FDOT ankouraje patisipasyon piblik san konsidere zafè ras, koulè, orijin nasyonal, laj, sèks, relijyon, andikap oswa kondisyon famiyal. Va genyen plizyè opòtinite pou moun patisipe nan reyinyon piblik ak diskisyon moun ki gen enterè yo.

OBJEKTIF



PROVIDE BRIDGE REHABILITATION AND/OR REPLACEMENT



AMELYORE KONEKTIVITE



ASSIRE SEKIRITE



BAY AMELYORASYON POU TRANSPÒ, BISIKLÈT AK PYETON

KALANDRIYE

Etid PD&E a te kòmanse nan mwa Oktòb 2024 e nou espere li ap fini nan mwa mas 2027. Faz Konsepsyon an ap kòmanse apre Etid PD&E a fini. Patisipasyon piblik la va kontinye atravè etid PD&E e nou ankouraje piblik la patisipe nan devlopman pwojè sa a.

ANPLASMAN SOU KAT JEYOGRAFIK



ENFÒMASYON KONTAK

Imel: BearCutBridge@miamidade.gov

Pou plis enfòmasyon, vizite: www.miamidade.gov/BearCutBridge

